

Netwayaj ak dezenfeksyon ki mwens danjere nan peryòd COVID-19 la



Plis netwayaj ak dezenfeksyon pou COVID

=

Plis posiblite pou w an kontak ak pwodui chimik danjere yo

Fason pou w netwaye ak dezenfekte san danje



Pa itilize dezenfektan ak pwodui asenisman yo twòp. Souvan, dlo ak savon sifi pou fè netwayaj.



Pa itilize dezenfektan sou sifas ki gen kontak ak manje, tankou planch pou koupe, chodyè ak kaswòl oswa vesèl.



Mete Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE). Gan, epi menm yon mask ak linèt, ap ede ou anpeche pwodui chimik danjere yo antre an kontak ak po a epi anpeche ou respire yo.



Louvri fenèt yo epi ouvri vantilatè a. Bon vantilasyon enpòtan pou evite respire pwodui chimik danjere yo.



Flite. Tann... fè yon ti tann ankò. Siye. Yo pwodui chimik bezwen yon kantite tan kontak espesifik pou li efikas. Pran san ou pou w li ak suiv sa ki sou etikèt la.



Pa janm melanje pwodui chimik yo ! Melanj kèk pwodui chimik ap bay vapè toksik ki kapab touye moun ! Pa janm melanje klowòks ak anyen sof dlo.

Netwayaj la sifi !

Netwayaj la elimine kras ak mikwòb yo sou sifas yo
Itilize savon oswa likid pou vesèl ak dlo pou w netwaye
EVITE bon odè epi EVITE pwodui netwayaj ki kont mikwòb yo

Evite pwodui chimik danjere sa yo

**KLOWÒKS
AMONYAK
QUATS
(Melanj amonyòm katenè)**
Evite yon pwodui si ou wè “-onium chloride (klori onyòm)” ekri sou etikèt la




PA JANM melanje pwodui chimik yo, sitou KLOWÒKS !

Lòt Mwayen ki Pi Bon

**Alkòl izopwopil oswa alkòl etilik
Dlo oksijene
Asid ipoklore
Asid sitrik
Asid laktik**

**Jwenn lis Toxics Use Reduction Institute ki gen pwodui dezenfektan ki pi bon yo la a :
www.turi.org/saferdisinfectants**



CLEAN WATER FUND

Yo devlope li gras ak yon sibvansyon ki soti nan Toxics Use Reduction Institute nan UMass Lowell.